



Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE PWOPOZISYON POU PWOTEJE NOUYÒKÈ YO
KONT ATAK ENSOUSYAN GOUVÈNMAN FEDERAL LA**

Etabli yon dwa pou pouswiv ofisye federal yo pou vyolasyon konstitisyonèl

Pwoteje Nouyòkè yo kont Ofisye Federal ki nan zòn sansib yo

Fè chak Nouyòkè konte nan resansman 2030 lan

Pwoteje kiltivatè Nouyòk yo kont deranjman tarif federal yo

Ranfòse kanpay Sipò pou Moun ki gen Prè Etidyan nan Nouyòk

Ranfòse Rezo Sekirite Alimantè Nouyòk la

*Pwoteje swen sante ki gen kalite siperyè ak abòdab; diminye pri medikaman; epi
pwoteje aksè ak vaksinasyon*

Gouvènè Hochul te devwale jodi a nouvo pwopozisyon pou pwoteje Nouyòkè yo kont atak san reflechi gouvènman federal la nan Diskisyon Eta Leta 2026 li a. Pandan Repibliken nan Washington yo kontinye ap ogmante depans yo, retire swen sante ak asistans alimantè, epi retire dwa ak libète Nouyòkè yo, Gouvènè Hochul ap anonse lòt plan ki sipòte epi defann fanmi k ap travay yo atravè eta a. Gouvènè Hochul te klè, Eta Nouyòk pa ka koble tout rediksyon ki soti nan Washington, men n ap kontinye defann fanmi Nouyòk yo kont atak yo.

"Jodi a, Nouyòk ap fè fas ak gwo difikilte akòz aksyon san reflechi Repibliken Washington yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kit se pou pwoteje Nouyòkè yo kont ogmantasyon san parèy nan aplikasyon lalwa federal sou imigrasyon, pou asire fanmi yo gen aksè a swen sante, oswa pou sipòte ti biznis yo k ap sibi pi gwo konsekans tarif Trump yo, m ap kontinye defann Nouyòkè yo kèlkeswa sa k rive nan nivo federal la."

Etabli yon dwa pou pouswiv ofisye federal yo pou vyolasyon konstitisyonèl

Avèk ogmantasyon san parèy nan aplikasyon lalwa federal sou imigrasyon, kominote atravè Etazini yo ap soufri anba taktik lou ki swadizan vyole dwa konstitisyonèl yo.

Pou pwoteje kominote yo atravè eta a epi asire responsablite lè dwa konstitisyonèl yo vyole, Gouvènè Hochul pral avanse yon lejislasyon ki bay Nouyòkè yo yon chemen klè pou yo chèche jistis lè dwa yo vyole.

Pwopozisyon an otorize moun pou yo pote aksyon sivil nan nivo eta kont ofisye federal ki vyole dwa konstitisyonèl Nouyòkè yo nan Etazini, an akò avèk menm estanda legal ki deja egziste nan lòt kote nan lwa a. Li enpòtan pou note ke ofisye fòs lòd nan nivo eta ak lokal yo deja sijè a estanda sa yo, tankou iminite kalifye ki pwoteje ofisye fòs lòd ki aji nan limit lalwa byen etabli. Lejislasyon sa a ta asire responsablite pou ofisye federal yo estanda sa yo. Lè yo mete lwa eta a an akò ak kad federal ki egziste deja pou dwa sivil yo, pwopozisyon sa a ranfòse pwoteksyon konstitisyonèl yo epi li bay moun Nouyòkè yo yon mwayen legal reyèl pou yo defann tèt yo lè otorite federal yo abize pouvwa yo nan yon fason ki pa konstitisyonèl nan Nouyòk.

Pwoteje Nouyòkè nan zòn sansib yo

Pandan plizyè deseni, politik federal la anba tou de pati te limite aplikasyon lalwa imigrasyon sivil san manda nan kote sansib tankou lekòl, lopital ak nan lye dorasyon. Chanjman federal ki fèt dènyèmman yo te retire pwoteksyon sa yo, sa ki deranje sekirite piblik, kominote lekòl yo, aksè ak swen, ak konfyans nan enstitisyon enpòtan yo.

Nouyòkè yo ta dwe kapab ale lekòl, jwenn aksè a gadri, chèche swen medikal, epi adore anpè. Gouvènè Hochul pral pwopoze yon lejislasyon pou asire ke zòn sansib yo ka pwoteje kont aplikasyon lwa imigrasyon sivil san yon manda jidisyè. Mezi sa a pral ede bay estabilite pou timoun ak fanmi yo nan espas kominotè esansyèl yo.

Fè chak Nouyòkè konte

Resansman dekale a se fondasyon reprezantasyon politik ak finansman federal Nouyòk. Apre Resansman 2020 an, eta a te pèdi yon syèj nan Chanm Reprezantan Etazini an pa yon maj sèlman 89 rezidan—youn nan maj ki pi etwat nan listwa. Lè yo pa konte tout moun k ap viv nan Nouyòk kòrèkteman, sa afekte dirèkteman enfliyans Eta a genyen nan Washington, epi sa mete an danje pòsyon lajan ki dwe revni nou nan dè milya dola èd federal ki sèvi pou sipòte wout nou, pon nou, lopital nou, ak lekòl nou yo, ansanm ak pwogram vital fanmi yo depann de yo tankou Medicaid, SNAP, ak WIC.

Pandan gouvènman federal la ap anonse yon chanjman responsablite pou operasyon resansman yo bay eta yo, Gouvènè Hochul pral lanse pwosesis planifikasyon resansman an byen bonè, pou asire ke Nouyòk jwenn pati jis li nan resous federal yo epi chak kominote byen reprezante nan Albany ak Washington pou deseni k ap vini an. Li pral pran mezi pro-aktif pou asire ke tout Nouyòkè yo—ki gen ladan popilasyon ki istorikman difisil pou konte tankou rezidan ki gen ti revni, timoun ki poko gen senk an, ak lokatè—yo byen reprezante. Espesyalman, li pral:

- Etabli yon komisyon resansman eta ki responsab planifikasyon estratejik, kowòdinasyon, ak sansibilizasyon nan kominote a.
- Idantifye yon planifikatè prensipal pou eta a pou dirije efò planifikasyon yo epi kowòdone travay atravè ajans yo.

- Mande ajans yo ak òganizasyon kominotè yo pou dirije efò edikasyon piblik yo epi bati konfyans, sitou nan katye ki difisil pou konte yo.
- Sipòte konte yo, vil yo, minisipalite yo ak gouvènman tribi yo pou mete ajou Pwogram Mizajou Lokal nan Adrès Resansman (Local Update of Census Addresses, LUCA), pou asire ke chak rezidans byen plase sou kat la. An 2020, efò LUCA yo te asire plis pase 800,00 [sic]

Pwoteje kiltivatè Nouyòk yo kont deranjman tarif federal yo

Agrikilti se yon poto mitan nan ekonomi Nouyòk la, epoutan politik tarif ki mal gide gouvènman federal la menase konpetitivite kiltivatè nou yo. Lè yo pwovoke lagè komèsyal ak patnè entènasyonal kle tankou Kanada ak Meksik, aksyon federal yo te ogmante pri resous esansyèl yo - tankou semans, angrè, ak machin nesèsè yo - tout pandan y ap kreye enstabilite sou mache a. Malgre USDA a te fèk anonse yon pwogram asistans nasyonal, li gen gwo defo pou Nouyòk paske li kite kilti espesyalize yo ak sektè pwodui letye a an okenn sipò reyèl.

Pou adrese pwoblèm sa a ki koze pa gouvènman federal la, Gouvènè Hochul ap pwopoze Pwogram Rezistans Agrikòl kont Tarif yo, ki pral bay 30 milyon dola nan peman dirèk bay kiltivatè rekòt espesyalize, pwodiktyè bèt, ak kiltivatè pwodui letye nan Nouyòk yo. Inisyativ sa a pral distribye rapidman sipò ki nesèsè anpil la pou konpanse ogmantasyon depans ki koze pa tarif yo. Pwogram sa a ranfòse angajman Nouyòk anvwè kominote agrikòl nou an, tout pandan l ap pwoteje travay lokal yo epi asire kiltivatè nou yo gen sètitud yo bezwen pou yo ka fè konpetisyon nan yon mache mondyal ki pa stab.

Ranfòse kanpay Sipò pou Moun ki gen Prè Etidyan nan Nouyòk

Chanjman federal nan règleman prè elèv yo ap elimine opsyon peman ki deja egziste yo epi enpoze limit sou aksè elèv yo ak prè apati 2026. Mond prè etidyan an vin tounen yon labirent ki konplike anpil, ni pou moun ki gen prè kounye a, ni pou moun ki pral prete lajan nan lavni. Gouvènè Hochul pral anonse ekspansyon sèvis yo atravè Pwogram Asistans Konsomatè pou Dèt Edikasyon (Education Debt Consumer Assistance Program, EDCAP) pou ede fòme moun ki gen prè yo sou fason pou yo oryante yo nan yon kontèks politik ki vin pi konplike chak jou anrapò ak prè etidyan, pou yo ka evite reta nan peman epi rekipere si sa te deja rive yo.

EDCAP — Premye pwogram asistans pou konsomatè prè elèv nan Nouyòk nan peyi a, ki te fè Nouyòkè yo ekonomize 48 milyon dola depi kreyasyon li an 2019 — pral lanse yon kanpay agresif pou rive jwenn, ede, epi edike plizyè milye moun ki anreta nan peman prè elèv oswa ki pral anreta byento, grasa yon patenarya dirèk ak kolèj ak inivèsite, ak yon konsantrasyon sou enstitisyon piblik yo, pou deplwaye yon modèl triyaj solid ki konbine webinè, zouti pou chak moun ka swiv pwòp rit yo, ak konsèy endividyèl. Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) a pral devlope tou yon nouvo pwogram edikasyon pou enfòme moun yo sou prè predate epi bay plis efò pou kontakte konsomatè yo. Ansanm, aksyon sa yo pral ede moun ki gen prè etidyan yo respekte règleman k ap chanje tout tan yo, jwenn aksè ak sèvis sipò pou yo soti nan reta peman, epi evite tonbe nan pèlen magouy moun k ap bay prè malonèt yo.

Ranfòse Rezo Sekirite Alimantè Nouyòk la

Dènye fèmte gouvènman federal la te raple nasyon an kijan rezo sekirite nitrisyonèl nou an prekè e konbyen Nouyòkè k ap lite ak enstabilite alimantè. An repons a fèmte a, Gouvènè Hochul te prese bay 65 milyon dola anplis pou pwogram asistans alimantè ki delivre manje bay plizyè dizèn milye Nouyòkè nan moman bezwen yo.

Pou kontinye aksyon sa yo epi ranfòse sistèm manje ijans nou an, Gouvènè Hochul ap anonse kounye a plis envestisman nan Pwogram Prevansyon Grangou ak Asistans pou Nitrisyon (Hunger Prevention and Nutrition Assistance Program, HPNAP) Depatman Sante (Department of Health, DOH), ki pral ede rezo Nouyòk la ki gen anviwon 2,700 bank alimantè, gadmanje ak kizin soup, rive jwenn plis Nouyòkè ki nan bezwen. Nouvo resous yo pral ranfòse epi elaji operasyon yo, sa ki pèmèt yo rive jwenn plis moun ak opsyon ki pi an sante.

Gouvènè Hochul pral amelyore kat EBT Nouyòk yo tou pou yo itilize yon teknoloji ki baze sou pis, sa ap rann kat sa yo prèske enposib pou vòlè enfòmasyon yo an mas. Pandan administrasyon federal la ap eseye retire benefis SNAP nan men otan Nouyòkè posib epi fèmen je sou kriminel k ap vòlè asistans manje ki enpòtan anpil nan men kay vilnerab yo, tranzisyon an pou kat EBT ki baze sou pis pral ede pwoteje lajan SNAP ke Nouyòkè yo depann sou yo pou nourri fanmi yo.

Pwoteje bon jan kalite swen sante epi ki abòdab

Malgre nou rive atenn youn nan pi ba pousantaj moun ki pa gen asirans nan peyi a, aksyon federal ki fèt dènyèmman yo menase abòdabilite ak aksè kontinyèl pou asirans sante nan Nouyòk. Rediksyon federal nan Plan Esansyèl Nouyòk la ki rive nan yon total 7.5 milya dola, plis pase mwatye nan finansman anyèl pwogram nan, mete vyabilite pwogram nan an danje. Ekspirasyon kredi taks federal amelyore pou prim asirans yo vle di ke 140,000 Nouyòkè ap peye 40% plis pou prim an 2026. Ansanm, règleman federal sa yo pare pou anile plis pase yon deseni pwogrè nan pote asirans sante abòdab pou Nouyòkè yo.

Pou pwoteje benefis ki te difisil pou reyalize yo, Gouvènè Hochul pral bay Depatman Sante enstriksyon pou l pran mezi pou pwoteje epi ranfòse asirans ki deja egziste a epi eksplòre nouvo opsyon asirans. Pou diminye pèt asirans, Gouvènè Hochul te bay DOH enstriksyon pou soumèt yon aplikasyon bay Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid pou retounen Plan Esansyèl la nan yon Pwogram Sante Debaz, yon aksyon ki pral prezève pwoteksyon pou 1.3 milyon Nouyòkè ke pwogram san prim lan se yon liy sovtaaj enpòtan pou yo. Pou 450,000 450,000 Nouyòkè ki pral pèdi pwoteksyon Plan Esansyèl aktyèl yo a nan tranzisyon sa a, Gouvènè Hochul pral bay Depatman an enstriksyon pou negosye ak gouvènman federal la pou konsevwa epi aplike opsyon pwoteksyon abòdab pou asire aksè kontinyèl ak swen sante abòdab pou moun ki afekte pa rediksyon federal yo.

Pwofite pouvwa acha Nouyòk la pou diminye pri medikaman yo

Depi tranzisyon benefis famasi Medicaid Nouyòk la an 2023 pou l vin tounen pwogram NYRx ki te senplifye a, ki te fè Eta a jwenn plis pase 600 milyon dola nan nouvo rabè sou medikaman, Nouyòk vin tounen yon lidè nan peyi a nan jesyon ak refòm benefis

famasi. Sepandan, lè nou konsidere gwochè ak pòsyon mache Eta a, rabè siplemantè Nouyòk yo – rabè negosye pa eta a ke Medicaid resevwa anplis rabè federal yo egzije yo – se sèlman mwayèn selon estanda nasyonal yo, alòske pri medikaman yo an jeneral nan tout peyi a kontinye monte an flèch.

Pou adrese pwoblèm pri medikaman k ap monte san rete a epi pou ogmante pouvwa acha Nouyòk la, Gouvènè Hochul pral bay Depatman Sante enstriksyon pou idantifye epi vize klas espesifik medikaman ki koute chè pou negosye dirèkteman ak fabrikan yo pou jwenn pi bon rabè pou Eta a. Aksyon sa a pral pèmèt pwogram Medicaid la ekonomize anpil lajan nan yon moman kote gen gwo presyon sou depans akòz rediksyon bidjè federal yo, epi an menm tan, li pral prepare teren pou lòt inisyativ nan lavni pou diminye pri medikaman yo nan tout eta a.

Pwoteje aksè ak vaksinasyon

Règleman vaksinasyon Nouyòk yo depann sou kalandriye vaksen federal yo ki, anba administrasyon aktyèl la, vin mwens ankre nan syans. Sa kreye ensètitud pou lekòl yo, founisè swen sante yo, ak Nouyòkè yo an jeneral; li mete sante kominote nou yo an danje tou, epi nan kèk ka, li ogmante depans pou pasyan yo.

Pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite epi pou yo pa pèdi lajan, Gouvènè Hochul pral prezante yon lejislasyon pou asire Nouyòk ka fikse pwòp estanda vaksinasyon li yo ki baze sou syans medikal ak bezwen sante piblik. Pwopozisyon an pral otorize Komisè Sante a, an konsiltasyon avèk òganizasyon medikal rekonèt, pou etabli egzijans vaksinasyon ki gide kalifikasyon lekòl, pratik klinik, ak pwoteksyon asirans. Sa ap bay plis klarifikasyon pou founisè yo ak konpayi asirans yo, pwoteje aksè a vaksen yo, epi ranfòse sante piblik nan tout eta a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)